Pou Piblikasyon Imedya: 05/02/2024 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GAYAN NEW YORK YO NAN KAD SETYÈM FAZ INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA AK DEZYÈM FAZ PWOGRAM NY FORWARD LA

Aurora/Cayuga/Union Springs pral resevwa ansanm 10 milyon dola nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la; Canastota ak Brewerton pral resevwa 4.5 milyon dola yo chak nan pwogram NY Forward la

Envestisman pou revitalizasyon anba lavil yo se yon pati enpòtan nan estrateji global devlopman ekonomik ak kwasans kominotè Eta a

Nouvo pwogram NY Forward 100 milyon dola a baze sou elan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil reyisi a pou sipòte yon rekiperasyon ki pi ekitab pou kominote New York ki pi piti ak riral yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Aurora/Cayuga/Union Springs pral resevwa ansanm 10 milyon dola nan finansman kòm gayan Rejyon Santral la nan kad setyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la, epitou Canastota ak Brewerton/Hastings kòm gayan NY Forward pou rejyon Sant New York k ap resevwa 4.5 milyon dola yo chak. Nan 7èm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik eta a yo ap resevwa 10 milyon dola, pou bay yon angajman total eta a ki se 100 milyon dola nan finansman ak envestisman pou ede kominote yo estimile ekonomi yo nan transfòme anba lavil yo pou yo vin tounen katye ki dinamik.

Baze sou elan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil reyisi Eta a, pwogram NY Forward 100 milyon dola a adopte menm estrateji "Planifye epi Aji" kòm DRI a, ki asosye planifikasyon estratejik ak aplikasyon pwojè imedya pou sipòte yon rekiperasyon ki pi ekitab pou kominote New York ki pi piti ak kominote riral yo.

Avèk angajman Gouvènè a ane sa ki se 100 milyon dola chak pou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ak NY Forward, Eta a te envesti kounye a yon total konbine 1 milya dola nan tou de pwogram yo depi kòmansman yo. Gouvènè a te pwopoze yon lòt 100 milyon dola pou chak pwogram, ki totalize 200 milyon dola, nan Bidjè Egzekitif pou Ane Fiskal 2025 li a.

"Anba lavil Eta New York yo se eleman vital kominote nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman ki te anonse jodi a pral kontribiye nan leve anba lavil nou yo ak sipòte angajman nou pou konstwi yon pi bon New York."

Prim 10 milyon dola Inisyativ Revitalizasyon Anba Vil pou Aurora/Cayuga/Union Springs

Aurora, Cayuga ak Union Springs te pran apwòch inovatè pou konbine twa anba lavil ki tou pre yo sou Cayuga Lake nan yon sèl aplikasyon DRI konplè epi ki bay sipò mityèl—ki gen tit, "Koridò Vilaj Pitorèsk Bò Lak Konte Cayuga"—apre yo chak te aplike endividyèlman pou NY Forward ane pase. Aplikasyon konbine yo, ak pwojè yo idantifye yo, pral kreye yon koridò touris ki konekte ansanm sou bò nòdès Cayuga Lake, pandan y ap reyalize tou transfòmasyon katalizè nan chak kominote endividyèl. Pwojè yo idantifye, avèk asistans Depatman Planifikasyon Konte Cayuga ak opinyon piblik enpòtan, pral amelyore objektif touris ak biznis atravè aksè a lak amelyore, katye ki adapte pou mache, divès kalite komès an detay ak kreyasyon travay, opòtinite kiltirèl ak lwazi ak lojman. Twa vilaj yo kwè anpil ke rejyon an ak koridò a bezwen kontinye kolabore nan tout nivo pou reyalize revitalizasyon ak kwasans reyisi ak transfòmatè.

Aurora/Cayuga/Union Springs pral kòmanse ansanm pwosesis elaborasyon yon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize anba lavil yo a ak jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon yo ki soti nan sibvansyon DRI 10 milyon dola a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman Estratejik la ap egzamine atou ak opòtinite lokal yo pou idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè ki aliyen ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Plan Envestisman Estratejik la pral gide envestisman fon sibvansyon DRI yo nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè vanse vizyon kominote a pou anba lavil li yo epi ki ka favorize ak ajoute sou envestisman 10 milyon dola eta a. Plan yo pou setyèm faz DRI a pral fini an 2024.

Prim 4.5 milyon dola NY Forward pou Canastota ak Brewerton

Avèk vilaj istorik li yo, pwoksimite ak Hall of Fame Boxing la ak envestisman pase yo, Vilaj Canastota te demontre li pare pou kwasans transfòmatè atravè prim NY Forward la. Vilaj la gen anpil opòtinite lwazi, ki gen ladan yon gwo sistèm santye ki kwaze ak plizyè lòt santye, ki gen ladan santye Empire State la, ki fè Canastota se youn nan kominote ki pi fasil pou mache epi ki gen lwazi deyò nan Sant New York. Vilaj la tou sitiye toupre plizyè kolèj, yon sòti Thruway ak mache metwopoliten Syracuse ak Utica. Pwojè NY Forward yo idantifye yo pral kapitalize sou byen sa yo epi amelyore cham riral Vilaj la ak eritaj Kanal Erie.

Hamlet of Brewerton—ki anglobe bò lanmè anba lavil Hastings ak Cicero epi ki kanpe tou de bò larivyè Oneida—te anbrase opòtinite pou pote de vil yo ansanm pou kolabore sou yon aplikasyon ansanm, ki bay sipò mityèl, apre yo chak te soumèt aplikasyon separe ane pase a. Etandone tou de kominote yo pwòch ak sit semi-kondiktè Micron, yo konsidere envestisman NY Forward kòm premye etap nan direksyon planifikasyon ak

devlopman entansyonèl, estratejik ak kolaboratif pou adrese opòtinite ak defi Micron prezante nan akeyi nouvo rezidan, vizitè ak biznis nan ane k ap vini yo. Brewerton yo konnen kòm "Pòtay Lak Oneida," ofri yon richès opòtinite lwazi nan dlo. Pwojè yo idantifye yo pral amelyore kapasite pou mache nan lari yo ak koneksyon ant bò lanmè yo, konsa k ap amelyore aksè nan restoran, pak, amizman, pagay ak pak. Amelyorasyon piblik sa yo pral poze fondasyon pou pwochen envestisman sektè prive ki pral atire plis biznis ak evènman nan anba lavil la epi ankouraje plis devlopman Kwasans Entelijan nan yon zòn kote demann pral akselere akòz Micron.

Canastota and Brewerton/Hastings pral kounye a kòmanse pwosesis elaborasyon yon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize anba lavil yo. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman Estratejik la pral egzamine atou ak opòtinite lokal yo pou idantifye pwojè ki aliyen ak vizyon kominote a epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Y ap akòde finansman pou pwojè yo chwazi ki soti nan Plan Envestisman Estratejik la genyen pi bon potansyèl pou relanse revitalizasyon an epi kreye nouvo opòtinite pou kwasans alontèm.

Sekretè Deta New York, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Anba lavil istorik ki presye nou yo ap debòde ak enèji, dinamis ak rajenisman ankò grasa sipò Inisyativ revitalizasyon Anba Lavil la ak NY Forward ak devouman manm kominote yo k ap travay ansanm pou fè anba lavil yo vin yon reyalite ki klere ak ki enspire. Pwogram sa yo te pwovoke yon vag revitalizasyon k ap gaye atravè Eta a, pandan y ap amelyore opòtinite ekonomik, kalite lavi, sante, touris, ekite sosyal ak ekonomik ak rezistans kominote a nan pwosesis la."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Plan sible, vizyonè sa yo anbisye nan dimansyon yo epi yo pwofite anpil pase istorik ak avni pwometè gwo kominote New York sa yo. Prim finansman DRI ak NY Forward yo pral sèvi pou katalize plis efò devlopman ekonomik nan zòn sa yo ki pral elaji opòtinite epi atire vizitè pou ane k ap vini yo."

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare, "Prim jodi a pou Canastota, Brewerton, ak Aurora/Cayuga/Union Springs pral konstwi sou resous kominote ki egziste deja epi ede rejyon Santral New York la grandi kòm yon destinasyon lwazi ki nesesè pou vizite ak yon bon kote pou viv ak travay. Envestisman Eta a nan minisipalite ki merite sa yo pral ankouraje kwasans biznis, nouvo opòtinite lojman pou sipòte yon mendèv k ap agrandi ak distri anba lavil yo ki pi fasil pou mache. Atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ak NY Forward, Gouvènè Hochul ap dinamize katye New York yo epi kreye yon avni ki pi solid, ki pi an sekirite epi ki pi abòdab pou tout Nouyòkè yo."

Direktè Canal Corporation Eta New York, Brian U. Stratton, te deklare, "Depi ouvèti an 1825, Kanal Erie te sipòte kwasans ak pwosperite kontinyèl plizyè santèn kominote

bò kanal atravè New York, ki gen ladan vilaj Canastota ak ti vilaj Brewerton. Pandan n ap prepare pou selebre bisantnè Kanal Erie a an 2025 epi antisipe twazyèm syèk operasyon kanal la, envestisman estratejik k ap fèt atravè pwogram NY Forward pèmèt kominote sa yo pwofite istwa espesyal yo, amelyore aksè bò lanmè ak santye yo pou bay pwochen jenerasyon rezidan yo yon bon kote pou viv, travay ak distrè yo."

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Se yon trè bòn nouvèl ke Vil Oneida te seleksyone pou resevwa finansman nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ak NY Forward. Envestisman sa yo pral revigore anba lavil sa yo epi ogmante kalite lavi pou tout moun lè yo kreye travay, kenbe rezidan yo, amelyore opòtinite biznis yo ak amelyore kapasite pou mache ak aksè pou bisiklèt. Mèsi Gouvènè Hochul ak Empire State Development pou travay nou sou pwojè sa a ak sipò kontinyèl nou nan Sant New York."

Senatè Eta a, John W. Mannion, te deklare, "Mwen te kontinye sipòte Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ak pwogram NY Forward epi mwen fyè de plizyè dizèn milyon dola nan envestisman byen planifye yo te pote nan 50yèm Distri Sena a ak atravè Sant New York. Mwen felisite kolaborasyon reflechi lidè lokal yo nan Hastings ak Cicero – ki gen pwoksimite ak sit Micron an mande pou planifikasyon ijan pou kwasans entelijan ak amelyorasyon kalite lavi, patikilyèman sou bò lanmè Rivyè Oneida yo. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Kathy Hochul pou angajman li depi lontan nan rejyon nou an ak pou vizyon li ak patenarya li nan bati yon New York ki pi dinamik ak pwospè."

Senatè Eta a Joseph Griffo te deklare, "Antanke yon ansyen majistra, mwen konnen difikilte gouvènman lokal yo fè fas nan eta a. Finansman sa a pral amelyore ak ranfòse kominote Canastota epi ede yo pozisyone li pou yon avni meyè."

Manm Asanble Brian Miller, te deklare, "Mwen kontan anpil pou m wè Vilaj Canastota te resevwa 4.5 milyon dola pou aplikasyon reyisi yo nan Pwogram NY Forward. Anons jodi a sou dezyèm seri finansman an se yon bagay ki chanje jwèt la, ki pèmèt devouman yo nan yon kominote dinamik pandan l ap amelyore kalite lavi ekonomik, lwazi, ak jeneral pou tout rezidan yo. Yo pare pou akonpli sa pandan y ap kenbe cham istorik Kanal Erie vilaj la. Chapo ba pou minisipalite sa yo pou pouswit san rete yo pou jwenn finansman enpòtan pou solidifye kominote yo nan non rezidan yo. Mèsi Gouvènè Kathy Hochul ak tout moun ki te enplike yo ki te fè jwenn finansman sa vin yon posiblite."

Manm Asanble Will Barclay te deklare, "Envestisman sa yo nan kominote Sant New York yo, ki gen ladan Ti Vilaj Brewerton, ki te fèt atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ak pwogram NY Forward mete aksan sou angajman eta a pou ankouraje kwasans ekonomik ak kreye chanjman pozitif dirab. Kontribisyon sa a enpòtan anpil pou transfòme pi piti lokalite nò Eta yo, ki ranfòse reyamenajman ak plis ankò. Mwen felisite tout moun ki te travay pou mete efò transfòmatè sa a an mouvman epi mwen espere wè enpak envestisman sa a pral genyen sou kominote lokal nou yo."

Manm Asanble Jeff Gallahan te deklare, "Villaj Cayuga, Aurora ak Union Springs merite anpil prim Revitalizasyon Anba Lavil la. Ansanm yo pral kapab etabli tèt yo kòm yon sant rejyonal pou aktivite komèsyal, lwazi ak touris. Finansman sa a pral bay twa vilaj sa yo zouti ki nesesè pou sèvi kòm sant kominote yo, pandan y ap kontinye anbrase istwa yo. Mwen felisite ekip lidèchip lokal la pou vizyon yo nan efò reyisi sa a pou jwenn prim sa a epi mwen espere travay ki rete a ap pote yon avni meyè pou kominote sa yo."

Sipèvizè Vil Cicero, Mike Aregano, te deklare, "Ini antanke de vil, men ki mare pa yon sèl kominote, Vil Cicero ak Vil Hastings pare pou soufle nouvo lavi nan Kominote bò dlo nou an. Ansanm, nou espere kreye yon refij akeyan ke chak moun ka rele lakay yo ak fyète."

Majistra Cayuga, Don Wilson, Jr., te deklare, "Sa a se youn nan pi gwo opòtinite pou vilaj Cayuga. Moun k ap travay di nan klas mwayèn nan vilaj sa a merite tout envestisman sa a, epi nou p ap kite opòtinite a gaspiye."

Majistra Union Springs, Robert Thurston Jr., te deklare, "Vilaj Union Springs ta renmen eksprime rekonesans li ak apresyasyon li bay Gouvènè Kathy Hochul. Jodi a pral yon moman kominote a p ap janm bliye epi ki pral gen yon enpak dirab sou nou menm ak vwazen nou yo, Vilaj Cayuga ak Aurora. Pwogram sa a pral bay Vilaj Union Springs ansanm ak rezidan li yo, biznis yo, ak patnè li yo, opòtinite pou envesti nan epi ede plis devlope distri anba lavil la. Mwen fyè de angajman vilaj nou an nan kwasans ak sipò kontinyèl nou te resevwa, jan nou te planifye pou okazyon remakab sa a. Nou menm antanke kominote nou kontan epi nou pare pou n ale travay epi fè rèv kominote nou yo vin reyalite!"

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) New York Santral la te fè yon pwosesis revizyon apwofondi epi konpetitif pou pwopozisyon kominote yo atravè rejyon an te soumèt, epi konsidere kritè ki anba la yo anvan ke yo rekòmande kominote sa yo kòm zòn ki nonmen:

- Anba lavil la dwe konpak, avèk limit ki byen defini;
- Anba lavil la ka kapitalize sou envestisman prive ak piblik yo te fè avan yo epi katalize sila k ap fèt nan katye a ak zòn ki ozalantou yo alavni;
- Kantite pòs travay yo dwe te ogmante dènyèman oswa yo gen pou ogmante anndan, oswa nan zòn ki touprè sant vil la yo ki ka atire travayè yo vin nan anba lavil la, soutni redevlopman epi fè kwasans lan dirab;
- Anba lavil la dwe se yon kominote ki abitab epi ki atiran pou divès popilasyon ki gen tout laj, revni, sèks, idantite, kapasite, deplasman ak orijin;
- Minisipalite a dwe deja adopte oswa gen kapasite pou kreye epi mete anplas politik k ap ogmante kapasite pou viv ak kalite lavi;
- Minisipalite a dwe te fè yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi ouvè ki ap abouti sou yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis pwojè ak inisyativ preliminè k ap kapab antre nan yon Plan Envetisman Estratejik;

- Minisipalite a te idantifye pwojè ki pote transfòmasyon k ap pare pou mete anplas akoutèm avèk yon enjeksyon fonDRI oswa fon NY Forward yo; epi
- Minisipalite a gen kapasite lokal pou jere pwosesis planifikasyon an epi mete pwojè yo anplas, ansanm ak kapasite pou sipèvize kontra yo pou pwojè minisipal yo atribye yo.

Enfòmasyon Konsènan Inisyativ pou Renovasyon nan Sant Vil la
Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon anba lavil yo ak katye yo nan tout dis rejyon eta a pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou envestisman. DRI, ke Depatman Eta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote ak NYSERDA dirije, reprezante yon estrateji san parèy ak inovatè "planifye-answit-aji" ki mete ansanm planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ak mennen nan anba lavil konpak, adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou nan reyalize objektif odasye Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò piblik ak rediksyon depandans sou machin prive.

Nan sis premye ane pwogram nan, eta a te angaje 700 milyon dola nan 69 anba lavil yo ki pare pou revitalizasyon epi ki gen potansyèl pou tounen leman ki ap atire reyamenajman, biznis, kreyasyon travay ak pi gwo divèsite ekonomik ak lojman ak opòtinite. Kominote k ap patisipe yo dezinye pa 10 Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal eta a dapre potansyèl anba lavil la pou transfòmasyon. Yo bay chak kominote 10 milyon dola pou yo devlope yon plan envestisman estratejik pou anbalavil epi pou reyalize pwojè katalizè kle ki fè vizyon kominote a pou revitalizayon avanse epi maksimize envestisman siplemantè prive ak piblik yo. Enfòmasyon sou DRI a disponib isit la.

Konsènan Pwogram NY Forward la
NY Forward se yon eleman santral nan politik devlopman ekonomik Eta a. Pwogram nan travay dekonsè ak DRI pou akselere ak elaji revitalizasyon sant vil ki pi piti ak riral yo atravè Eta a pou tout kominote yo ka benefisye nan efò revitalizasyon Eta a, kèlkeswa gwosè, karaktè, bezwen ak defi yo. Tou de pwogram yo ap kreye yon mas kritik anba lavil dinamik nan chak rejyon nan Eta a k ap amelyore devlopman ekonomik, kalite lavi ak divèsite sosyo-ekonomik.

Yon fwa yo atribiye, kominote NY Forward yo soutni pa yon konsiltan planifikasyon pwofesyonèl ak yon ekip ekspè ajans Eta k ap dirije pa Depatman Deta (Department of State, DOS) pou devlope yon Plan Envestisman Estratejik ki gen ladann yon seri pwojè transfòmatif, konplemantè epi ki fasil pou egzekite. Pwojè NY Forward yo adapte yon fason ki apwopriye pou gwosè chak kominote; pwojè yo ka gen ladan renovasyon ak reyamenajman bilding, nouvo konstriksyon oswa kreyasyon nouvo espas piblik oswa ki amelyore ak lòt pwojè ki amelyore kalite kiltirèl ak istorik espesifik ki defini ak distenge cham ti vil ki defini minisipalite sa yo.

Plan ak pwojè Envestisman Estratejik yo se yon Komite Planifikasyon Lokal ki pilote yo, ki mennen anpil sansibilizasyon ak angajman nan kominote a. Depatman Deta a bay tou anpil asistans teknik ak webimè pou ranfòse kapasite yo — ki gen anplwaye, ekspè ak kamarad nan kominote DRI yo — ki vize pou sipòte kominote ki ka gen mwens resous ak kapasite pase pi gwo kominote iben yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU